

REFLEKSYON TEYOLOJIK

Yon metòd pou reflechi epi diskite sou yon tèks ki gen karaktè espartyèl

Yon metòd pou ede moun pouse refleksyon yo pi lwen epi devlope plis lespri kolaborasyon



“Se pou n toujou pare pou n defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou esplikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an. Men, fè sa avèk dousè ak tout respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k ap pale nou mal poutèt bon konduit nou gen nan Kris la...” – 1 Pyè 3:15-16

Plan liv la:

1. Entwodiksyon
2. Kominote Kreyen
3. Lidèchip
4. Enkanasyon 1
5. Enkanasyon 2
6. Lapriyè 1
7. Tantasyon 1
8. Tantasyon 2
9. Lajistis
10. Lalwa ak Lagras
11. Lagras
12. Revelasyon Bondye nan lanati
13. Soufrans
14. Moun pa Kris la
15. Anvi
16. Rekonsilyasyon
17. Renmen Lènmi
18. Jistis ak Mechanste
19. Lanmou Bondye
20. Bondye kòm manman ak papa
21. Dout, lafwa ak lanmou
22. Desepsyon
23. Chache lapè ak Bondye
24. Kreyasyon
25. Lapriyè 2
26. Gerizon
27. NB. Ansèyman sou Sòm yo

ENTWODIKSYON

Liv sa a gen yon seri tèks ki se rezilta enspirasyon diferan otè nan peyi diferan. Tèks sa yo gen yon aspè espirityèl epi yo lye ak lavi moun ap mennen chak jou. Sa ki enteresan ladan yo, yo ede moun dekouvri anpil aspè nan Bib la, kesyone sa moun kwè ke li ye, aprann kòman lòt moun konprann li nan kilti diferan, aprann nouvo konesans epi bati nouvo kominote aprantisaj espirityèl.

Kijan nou kapab pi byen pwofite tèks sa yo?

Nou kapab benefisye richès ki nan yo, se nan ankouraje kominote aprantisaj espirityèl la. Metòd k ap gide nou pandan moman aprantisaj espirityèl sa a se **“Refleksyon Teyolojik”** la (RT).

Kisa Refleksyon Teyolojik la ye?

Se yon aktivite kote yon gwoup moun reyini pou reflechi ak diskite ansanm sou yon tèks teyolojik ki gen karaktè espirityèl.

Ki objektif metòd la?

Bi a se pa pou mennen moun dakò ak sa ou kwè. Li plis ede moun nan gwoup la pouse refleksyon yo pi lwen epi devlope plis lespri tolerans ak kolaborasyon nan chita pale teyolojik.

Ki kote nan Bib la metòd sa pran rasin?

Metòd sa pran rasin nan 1 Pyè 3:15-16 ki di : “Se pou n toujou pare pou n defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou espikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an. Men, fè sa avèk dousè ak tout respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k ap pale nou mal poutèt bon kondwit nou gen nan Kris la...”

Konbyen tan seyans la ka dire?

Brase lide yo kapab dire ant 45 minit a 1 nèt tan edmi. Epi li ta itil pou gwoup la reyini regilyèman, men sa nan men gwoup la.

Kijan metòd la dewoule?

Preparasyon

- 1- Chita yon jan kote youn kapab wè figi lòt.
- 2- Chak manm gwoup la gen tèks k ap sèvi pandan moman y ap pase ansanm.
- 3- Bezwen gen yon moun (fasilitatè) nan gwoup la k ap fasilite refleksyon yo.

Li tèks la

- 4- Fasilitatè a envite gwoup la pou prepare lespri yo pou rankont la. Yo kapab swa kòmanse ak yon chan, yon lapriyè, oswa ak yon ti moman silans.
- 5- Animatè a li tèks la byen fò.
- 6- Envite gwoup la li tèks la an silans, pandan y ap reflechi sou aspè ki frape yo ladan.

Diskisyon

- 7- Fasilitatè a envite moun fè ti pataj ak kolèg ki bò kote l, aktivite sa a rele “ti pale a de” pou 5 minit sou sa ki parèt pi enteresan pou yo nan tèks la.
- 8- Tounen nan gwo wonn. Epi fasilitatè a ap envite youn nan kolèg yo pataje ak rès gwoup la sa yo te reflechi sou li nan ti pale a de (2).
- 9- Divize nan ti atelye ki kapab genyen ant 5 a 9 moun. Epi youn nan patisipan yo ap mande rès gwoup la yon kesyon ki k ap kontinye pouse moun reflechi pi plis sou tèks la. Nan etap sa a, bwase lide a kapab dire ant 10 a 15 minit.
- 10- Aprè sa, gwoup la ap retounen ansanm, epi fasilitatè a ap rete ouvè, swa pou ouvri chita pale nan gwo wonn nan ak kesyon pa l sou tèks la, oubyen ofri posibilite pou youn nan patisipan yo ouvri l ak kesyon pa l sou tèks la. E pati konvèsasyon sa a pral dire ant 30 a 45 minit.

Klotire seyans la

- 11- Yon moun nan gwoup la oswa tout gwoup la li tèks la byen fò. Aprè sa gwoup la fini rankont lan ak yon ti moman silans, yon chan, oubyen ak lapriyè.
- 12- Kounye a, nou envite gwoup la pou yo evalye tèt yo, si yo te respekte prensip Refleksyon Teyolojik la. N ap pran 5 minit pou sa avan seyans la fini nèt.

Ki sajès ki itil pou mennen diskisyon yo?

1. LI TÈKS LA AK SWEN. Nan chita pale Refleksyon Teyolojik yo, opinyon nou yo enpòtan, men opinyon sa yo sòti dapre sa nou wè nan tèks la.
2. KOUTE SA LÒT YO AP DI, SAN NOU PA KOUPE PAWÒL NAN BOUCH YO. Yon chita pale pa ka fèt si nou pa pran swen koute sa lòt moun ap di.
3. PALE BYEN KLÈ. Pou lòt yo rive bay lide yo sou opinion w la, fòk tout moun kapab tande epi konprann sa ou di.

4. RESPEKTE LÒT YO. Yon chita pale se yon brase lide, se pa yon pwosè ni yon deba. Pa pale akote ak vwazen ou. Ou kapab cho pou w bay lide w, se vre. Men nan chita pale Refleksyon Teyolojik, sa dwe fèt piblikman pou tout moun tande an jeneral.

5. ANKOURAJE LÒT YO PRAN LAPAWÒL. Se fasilite moun pran lapawòl epi ankouraje moun pa kenbe kòn nan.

Ki wòl fasilite a ?

Asire gwoup la ap swiv ni pwosesis 12 etap yo ni respekte sa nou rele “sajès pou mennen diskisyon yo.” Li se yon patisipan menm jan ak rès patisipan yo epi li la pou ede gwoup la pran responsabilite. Lòt wòl fondamantal li se pa dirije gwoup la men li la pou lidèchip pataje anndan gwoup la.

NB : Se nan Liv Wonn Refleksyon #1 nou jwenn prensip sa yo. Sa nou rele nan metòd Refleksyon Teyolojik “sajès ki itil pou mennen diskisyon yo.” E se gras ak Wonn Refleksyon nou te jwenn enspirasyon pou bati metòd Refleksyon Teyolojik.

DEDIKAS

Men moun ki te fe anpil travay pou reyalize liv la : Frantzie Cyril, Abelard Xavier, Edvard Guilloteau, Samson Joseph, Nellie Norestin, Abner Sauver, Jean Emmanuel Blaise, Enel Angervil, Dorlys Uzède, Kent Annan, Eramithe Delva, e sitou Jude Appolon.

KOMINOTE KRETYEN

Men kijan teyoloji te kòmanse. Moun te deja konnen Bondye, men nan yon fason ki vag. Konsa, genyen yon nonm kite vini li di se li menm ki Bondye. Li pa t yon moun yo te kapab pran pou moun ki fou. Se konsa, li fè yo kwè nan li. Epi yo te rankontre l ankò, aprè yo te wè li mouri. Aprè, yo te vin fòme yon ti sosyete oubyen yon ti kominote. Yo te twouve Bondye pou yon rezon ou yon lòt anndan yo, ki t ap dirije yo: pèmèt yo fè bagay yo pa t kapab fè anvan. E lè yo te mache avè l, tout kote pou yo te kapab fè kretyen yo rive jwenn definisyon 3 pèsòn nan yon sèl kò Bondye rele trinite a.

Teyoloji, se yon konesans nan yon sans eksperimantal.

[Li se tankou yon ti syans, men pa egzakteman. Yon syantifik dwe ale epi jwenn yon pakèt bagay pou l al etidye]. Men, lè yon moun vin konnen Bondye, li mete aktivite l chita sou kote Bondye.

Si li menm pa montre l pa gen anyen ou kapab fè pou ka jwenn li. Bondye kapab montre l sèlman ak moun ki fòme yon sèl kò, ki mete tèt yo ansanm, ki gen renmen youn pou lòt, ki pote api youn ak lòt. Se konsa, Bondye te vle di pou limanite: tankou mizisyen ki fòme yon gwoup. Yo chak gen wòl enpòtan nan gwoup la. E se yo tout ansanm ki fòme òkès la.

Kidonk, sèl enstriman ki vrèman apwopriye nou bezwen aprann konsènan Bondye, se pou tout kominote kretyen yo fè yon sèl pou rete tann li.

* * *

LIDÈCHIP

Otè sa a di kalite esansyèl de yon bon lidè espirityèl se disiplin, vizyon, sajès, fè bon desizyon, gen kouraj, imilite, entegrite ak senserite. Lidè espirityèl sa a kapab yon moun nan politik, nan Legliz, nan yon gwoup lokal oswa nan yon fanmi. Men yon pasaj konsènan imilite.

Imilite se mak yon lidè espirityèl. Kris te di disip li yo pou yo pa swiv atitud diktatè yo, okontrè se pou yo bese nou kòm yon sèvitè pou lòt yo. (Matye 20:25-27).

Kòm nan ansyen jou yo, imilite se pa yon bagay moun respekte ni nan politik ni nan biznis. Men sa pa fè anyen! Lidè espirityèl ap chwazi sèvi lòt yo ak sakrifis menm si lemonn pa respekte sa. Nou souvan gade Jean Batist kòm gran paske li gen bèl pawòl epi li te denonse enjistis. Pawòl li te ekspoze anpil gwo nèg yo.

Men, grandè reyèl li te revele yon afimasyon sajès enfini: “Li dwe vini gran epi mwen dwe vin pi piti,” e estati espirityèl Jan sonnen klè e fò.

Imilite yon lidè dwe devlope chak ane menm jan lòt atitud ak kalite li yo. Gade jan Pòl te vanse nan imilite pa l. Byen bonè nan ministè l, li te gen konesans: “Mwen se pi piti Apòt, mwen pa menm merite pou yo ta rele m Apòt” (1 Kor 15:9). Epi pita, li te di: “Mwen te pi piti nan dènye moun Bondye a” (Efezyen 3:8). Nan fen lavi li, li te pale de gras Kris la epi jan li te wè pwòp tèt pa l: “Jezikri te vini sou latè pou delivre moun k ap fè peche. Mwen menm, mwen pi mal pase yo tout” (1 Timote 1:15).

William Law ekri yon liv klasik devosyonèl ki te rele “Apèl Serye”:

An nou imilye nou chak jou; an nou viv nan menm feblès ak enfimite nan pwòp kreyati nou ki kouvri feblès nou yo, renmen eksperyans yo, ankouraje sa ki bon, pataje volonte w yo, reviv nan pwosperite w yo, pran konpasyon nan detrès yo,

resevwa amitye w yo, an nou jete yon koudèy sou mechanste yo, padone malis yo, sèvi sèvitè yo, epi gen menm atitid pou fè bagay ki pi ba a pou moun ki pi ba a.

* * *

ENKANASYON 1

Kierkegaard eksplike definisyon enkanasyon avèk yon senp istwa konsènan yon wa ki tonbe damou yon jèn demwazèl ki sot nan yon fanmi senp epi pòv.

Sitiyasyon an genyen yon vrè pwoblèm pou yon ekriven ki vle ekri sou tèm sa a. Nou kapab wè sa, si nou imajine nou genyen yon wa ki vrèman espesyal. Youn ki deside pa anbarase oubyen fè jenn fi a fache.

Èske wa a dwe ale nan ti kay kote fi a rete pou l di l li renmen l nan tout glwa li, avèk bèl manto li, ak lòt bèl bagay. Se ak tout fòs li epi li ta akapare fi a.

Yon lòt bagay, si demwazèl la t ap sèvi ak okazyon sa a pou reponn lanmou wa a sa pa t ap janm klè pou wa a, nan sans, si se li menm fi a renmen, oswa si se glwa, pouvwa ak lonè li yo. Yon sèl solisyon te ka genyen nan pwoblèm sa a. Se pou li ta degize l tankou yon mandyan. Epi, ale kote fi a. Men, gen yon lòt pwoblèm ki t ap poze. Sipoze, li ta genyen fi a pandan li degize an mandyan an. Se pa vrèman li menm fi a t ap renmen. Li se yon wa, men dam lan t ap renmen yon mandyan. Se pa t ap moun wa a ye a li t ap renmen. Li pa bon pou chanje bagay la tou se tankou ou ta desann wa a epi monte fi a paske sa ta montre wa a pa renmen fi a jan fi a ye tout bon.

Après tout lide, otè a wè sa ta dwe abouti ak yon sèl solisyon. Se pou wa a ta vini yon vrè mandyan, men se pa pòz mandyan pou l ta pran pou kapab jwenn kè fi a.

Istwa sa a, kapab parèt yon tijan senp pou nou tout. Montre nou kwè nan enkanasyon Kris la, se kwè li te vini tankou yon moun tankou nou tout. Li vini yon bagay li pa t ye avan. Li p at pran fòm yon moun epi sèlman degize kòm yon moun. Non, li te vin yon moun vre. Bondye te yon moun tout bon kise Jezi.

* * *

ENKANASYON 2

E kounye a, nou kòmanse wè kisa Nouvo Testaman an toujou ap pale. Li pale de kretyen yo “ki fèt yon dezyèm fwa”. Li pale de yo “Ki resevwa Kris la”; konsènan Kris la “ki transfòme nou “; Konsènan nou menm ki vin “resevwa Lespri Kris la”.

Nou ta dwe konprann fraz sa yo, yo pa p sèlman vle di kretyen yo kapab konprann sa Kris la di epi eseye mete l an pratik... Genyen bagay ki anpil pi plis ke sa nou dwe konnen. Kris la se yon moun reyèl, li prezan pandan n ap pale la a, li nan chanm lan kote w ap di lapriyè w yo, li fè anpil bagay pou ou.

Se pa yon kesyon pou bon moun li te mouri, sa genyen de (2) mil an. Kounye a, li toujou tankou yon moun, menm jan ak nou menm moun ki gen yon kò fizik. Epi li toujou rete Bondye menm jan lè li t ap kreye lemonn. Li vrèman prezan, li entèvni nan tout ti detay nou yo — Li tiye ansyen moun natirèl kite nan nou an, epi li ranplase l pa yon nouvo kreyasyon anndan nou. Dabò, sèlman pou yon ti moman. Apre sa, prezans li parèt pou yon long peryòd. Kidonk, si tout bagay ale byen, li chanje nou pou toutan nan lòt bagay diferan — pou nou chak ka vini tankou yon ti Kris k ap pataje nan pouvwa li, lajwa li, konesans li ak etènite li.

~

Kris la li menm dekri lavi kretyen an se yon bagay ki di, men kèk fwa fasil. Li di, pran kwa w — Yon lòt bò li di, se tankou ale batay nan yon kan konsantrasyon kote ki kapab gen lanmò. Yon lòt bò li di, “Jouk mwen fasil e fado mwen lejè.” Li vle di tou de. E yo kapab wè poukisa tou de se vre....

Parès vle di ou pral pèdi yon pakèt tan kounye a epitou ou pral oblije travay pi plis pi devan. Oubyen senpman, ret kanpe ap gade l. Nan yon batay, oubyen, nan monte yon mòn, se souvan yon bagay ki mande anpil fòs pou li fèt. Men tou, nan anpil tan, pi bon bagay k ap fèt se sa ki mande kouray. Si w pa fè l, w ap twouve w nan kèk tan, nan yon pi move danje. Lachte tou se yon pi move danje.

Sa se tankou avèk Kris la. Tèt chaje, se yon bagay ki prèske enposib. Se remèt tout ou menm. — Tout sa ou ta renmen ak prekosyon ou yo — ak Kris. Men, se pi fasil pou tout sa n ap eseye fè ki kontrè. Paske sa n ap eseye fè, se sa nou rele “nou menm” gade pwòp bonè nou, se tankou se prensipal bi lavi genyen. Anmenm tan nou vle bon. Nou tout ap eseye kite lespri nou ak kè nou al kote li vle. — Nou pito sou lajan, plezi oubyen anbisyon. — E malgre sa genyen lespwa pou nou gen yon konpòtman ki dwat, ki pa viv daprè egzijans lachè, epi ki pa viv nan fè wè. Epitou se egzakteman sa Kris la ap konseye nou, sa nou pa kapab fè. Kòm li te di, Pye chadon pa kapab bay fig. Si m gen yon jaden ki pa gen anyen, men zèb, mwen pa kapab fè ble. Koupe zèb la kapab gade l kout: M ap toujou genyen menm bagay la, men pa ble. Men, si m vle genyen ble, chanjman an dwe ale pi pwofon ke sifas la. Mwen dwe travay tè a epi plante ankò.

* * *

LAPRIYÈ 1

Priyè sa a baze nan pasaj nan Bib la kise Jeremi chapit 8-9.

Bondye, nou ta kontan si ou ta estab epi si nou ta kapab konnen sa ou pral fè. Nou ta kontan si ou toujou anonse yon bagay epi toujou aji menm jan anvè nou. Nou ta renmen pran mato dokrin sa a, epi pran klou pyete sa a epi frape pye w sou plafon sa a pou w t ap rete nan yon sèl plas.

Men nou toujou jwenn ou bouje, toujou fè n sipriz, ou toujou vini ak nou menm nan nouvo direksyon nou. Toujou plante ak nou, derasinen nou, fini ak tout bagay, epi fè tout bagay nouvo. Ou se pa yon Bondye nou ta chwazi si nou te gen chwa. Men, ou te chwazi nou nan libète epi sa fè nou se moun pa w nou ye. Nou priye w pou gran kado libète a, nou kapab lib anvè ou. Ban nou kado libète a pou n kapab bouje nan anpil nouvo plas nan lobeyisans. Ak nan rekonesans. Mèsi pou Jezi kite pran fòm libète ou. Amèn.

* * *

TANTASYON 1

Yon etap pou devlope imilite se eseye fè sa ki dwat ak anpil fòs, pratike lavi Kretyen nan bon fason. Yon semèn pa ase. Souvan bagay yo nan premye semèn yo ase fasil. Eseye pou 6 semèn. Lè sa a, genyen bagay nou kapab wè tankou jan ou pa kapab viv byen konplètman. Menm si nou vle fè anpil jefò nou toujou tonbe ankò oubyen nou tonbe pi ba pase kote pwen nou te kòmanse a. Yon bagay nou gen pou n dekouvri anpil verite nan li menm. Pèsonn moun pa konnen kòman li te mal avan, li te eseye pou l te bon. Yon move lide, se bon moun pa konnen sa tantasyon vle di. Se yon manti tout bon. Sèlman sila yo ki eseye reziste ak

tantasyon konnen li genyen pisans. Pa egzanp, ou pa ka konnen fòs yon moun oswa yon lame si ou pa angaje nan yon batay avè l. Men w ap aprann fòs lenmi ou a se lè ou vrèman angaje nan yon batay avè l .

Yon lòt egzanp, nou jwenn fòs van lè n eseye mache kont li, men se pa lè ou kouche atè. Yon moun ki reziste tantasyon pou sèlman 5 minit pa konnen kisa presyon sa ta sanble nan 1nèd tan pita. Se poutèt sa, move moun yo nan yon sans yo pa konnen anpil sou fòs sa ki move. Yo te viv yon kalite lavi ki pwoteje paske yo pa batay kont sa ki move. Nou p ap janm jwenn fòs nan sa ki mal anndan nou, jouktan nou eseye konbat li. E Kris, paske li te sèlman yon moun ki pa t bay tantasyon pye sou li epi li pa t janm peche. Se sèl moun ki konnen sa tantasyon vle di — Se sèl moun ki konplètman reyalis.

* * *

TANTASYON 2

Istwa sa a fè pati yon woman.

Jezi, èske ou wè wòch yo ki nan dezè a? Fè yo tounen pen epi anpil moun pral swiv ou tankou yon bann mouton k ap kouri dèyè bèje yo. Fè wòch yo tounen pen epi moun yo pral remèsye ou epi obeyi ou, menmsi y ap yon tijan pè pou pa retire men w nan men yo pou yo ka pa pèdi pen yo. Men ou te refize demand lan paske ou pa t vle pran libète yo. Si yo t ap swiv ou paske y ap tann pen nan men ou, èske yo ta toujou gen libète?

Men ou te reponn, moun pa viv sèlman ak pen. Se sa premye tantasyon te vle di pou Jezi, men li te refize achte libète moun yo paske li te bay libète a plis valè pase tout lòt bagay.

Nan tantasyon sa a te gen yon gwo sekre ki cache. Si Jezi te fè wòch yo tounen pen li t ap satisfè gwo dezi ki anndan lòm kise jwenn yon moun pou bay lwanj ak sèvi. Depi yon moun gen libète li cache yon moun oubyen yon dye pou l bay lwanj epi sèvi l menmsi sa fè mal.

Moun vle cache sèvi ak louwe yon bagay ak tout konfyans kote tout moun ka dakò sa san diskisyon. O ! gade jan yo egare, yon moun pa sèlman cache jwenn sa pou li sèvi ak louwe, men moun yo pase anpil mizè pou yo asire tout moun ap sèvi ak lwe menm bagay epi menm jan. Nan cache sèvi ak lwe menm bagay ansanm youn konn touye lòt. Gen moun k ap di , “ Kite bondye pa w la pou vin sèvi pa m lan, epi si ou pa vle fè sa m ap touye w ak tout dye w la.”

* * *

LAJISTIS

Peche lemond kite touye pitit Bondye a ap toujou touye pitit Bondye yo. Pasyon Jezi ap mache toujou nan pasyon pèp nou k ap soufri yo. Toupatou nou wè moun swaf jistis, yo grangou pou egalite, yo anvi fratènite. Y ap fe jefò pou kreye kondisyon sosyal, ekonomik, politik, edikatif ak relijye k ap fè jistis tounen yon reyalite konkrè. Se sèlman lè nou fin kreye kondisyon jistis p ap rete yon anvi sèlman. Se sèlman lè sa a l ap koumanse tounen yon reyalite. Men se lè sa tou obstak yo pral koumanse.

* * *

LALWA AK LAGRAS

Divizyon nan Legliz la te kòmanse ant Jan ak Richa yon jou Jan t ap preche pou di yon abominasyon nan Ansyen Testaman se toujou yon abominasyon nan Nouvo Testaman an. Kont ant Richa ak Jan, se paske Richa te kwè sa Jan t ap di sou abominasyon an te kontrè ak lagras nan Nouvo Testaman. Lide Jan genyen sou abominasyon an fè parèt yon bann lòt kesyon sou lwa Ansyen Testaman yo. Tankou Ansyen Testaman di nou pa ta dwe manje vyann kochon epitou li di nou ta dwe touye lèdmi nou yo epi voye wòch sou timoun ki dezobeyisan yo.

Lè Jan t ap pale li te preche kont fanm ki mete pantalon epi li te pran kòm referans detewonòm 22 vèsè 5 pou apiye sa l t ap di a, “ Fanm pa gen dwa pote rad gason epi gason pa gen dwa pote rad fanm tou. Tout bagay sa yo se abominasyon devan Bondye Seyè a.”

Richa li menm pa t tèlman renmen lè fanm pote pantalon, men anmenmtan li panse Jan te fè yon erè paske li te bay lalwa pye sou lagras, alòske lagras te dwe plase avan. Sitou Richa te wè pwoblèm lan lè Jan te di, “ Sa ki te abominasyon sou tan lalwa toujou ta dwe konsidere kòm abominasyon sou tan lagras la.”

Lè Jan te di sa, Richa santi sa fè l mal anpil fason Jan eksplike pasaj la. Konsa Richa te kanpe epi sòti Legliz la epi li menm ak moun kite swiv li yo te al chita anba yon pyebwa epi yo te priye pou Jan. Nan menm tan Jan ansanm ak moun ki te rete nan Legliz la avè l yo te kòmanse priye pou Richa ak tout moun ki te swiv li yo. Divizyon nan Legliz sa a pa t janm repare.

* * *

LAGRAS

Kris la bay yon bagay pou anyen. Li menm li ofri tout bagay pou anyen. Nan yon sans, tout lavi kretyen ta dwe rejwenn yo nan asepte kado remakab sa a. Men, difikilte a se atenn nivo rekonesans sa a tout sa moun te fè ak tout sa nou kapab fè se sa nou ta renmen pou n ta ye pou Bondye konte bon pwen nou yo, epi fèmèn je sou sa ki pa bon yo.

Yon lòt bagay kounye a, lè nou di remèt tout bagay nan men Kris la sa pa vle di nou sispann swiv li. Pou n kwè li, sa vle di egzakteman, eseye fè tout sa li di. La a, pa t ap gen sans nan di ou te kwè yon moun ki pa t pran yon konsèy. Ou menm, si w reyèlman mete tout ou menm a li menm, sa dwe pèmèt eseye obeyi li. Men, eseye nan yon nouvo chemen, ki pa gen kè kase. Pa fè bagay sa yo pou w sove, men paske li te deja kòmanse sove w. Pa espere w ap rekonpanse syèl la pa mwayen aksyon w, men, nou vle nan tout sans aji nan yon mezi paske premye sa nou te deja santi anndan nou se reflè syèl la.

* * *

REVELASYON BONDYE NAN LANATI

Nenpòt kote ou foure je w, pa genyen kote nan linivè kote w pa kapab santi omwen yon ti prezans de glwa Bondye. Ou pa kapab wè jan linivè gran ak bèl san ou pa santi fòs ak gwochè li prèske twòp pou ou. Se pou rezon sa a otè liv Ebre a te pale de aparans linivè kòm yon bagay envizib (Ebre 11:3) se nan lòd pafè ke linivè pou nou se yon sòt kalite miwa pou nou kontanple Bondye ak tout lòt bagay ki envizib yo...

Avèk rega bèl estrikti ak lòd nan linivè, konbyen nan nou ki konn leve je nou nan syèl la epi sonje kreyatè a, pa bay moun ki fè l la valè epi pa kontanple travay li yo.

Kidonk, li bon pou moun tounen je l seryezman nan kreyasyon Bondye ak je l depi Bondye plase moun nan yon teyat pou l ka wè tout sa. Epiou li byen bon pou l koute ak zòrèy li pou l ka pwofite Pawòl la.

“Syèl la deklare glwa Bondye, finalman li montre travay li fè ak men li yo, li bay jou ak lannwit ki pwoklame majeste l” (Sòm 19:1-2). ...Bondye nan yon apèl ap rele moun yo vin jwenn li nan gade zèv li yo kise syèl la ak tè a paske lanati se yon lekòl pou timoun Bondye yo.

* * *

SOUFRANS

Linivè Bondye te kreye a bèl, men nan operasyon li yo lakoz anpil soufrans. Lòm vin souffri maladi ak lanmò. Anplis, libète Bondye bay lòm pèmèt yo dezobeyi l epi moun yo souffri anpil mal akoz anpil move aksyon. Men, nan refleksyon nou yo se pa yon egzistans soufrans kote ki ban nou anpil difikilte. Lemonn fizik la parèt souffri nan yon sans e plant ak bèt yo oblije manje pou yo ka viv. Epi libète nou nan yon sans montre nou yon posibilite pou n gaspiye oubyen eksplwate libète nou. Men sa ki vrèman difisil pou n konprann se distribisyon soufrans.

Mikwòb, viris, tranblemanntè, delij ak lòt bagay ki vini apati aksyon lèzòm pa jije kè moun avan yo deside atake moun. Si moun sa yo ki dezobeyi Bondye souffri oubyen souffri plis kòm konsekans dezobeyisans, li t ap fè sans. Men nou jwenn ni

moun ki chache obeyi Bondye e ni sa yo ki dezobeyi l ap frajil fas ak soufrans. Epitou nou jwenn ni sa ki obeyi ni sa ki dezobeyi ka jwenn siksè. Operasyon natirèl lemonn sa yo ak konsekans aksyon lòm yo pa pini ni pa beni nou akòz jan nou obeyi Bondye.

Sa vrèman te bay moun Izrayèl tèt chaje nan Ansyen Testaman. Yo pale sou sa sitou nan liv Jòb ak nan liv Sòm : “ Si gen yon bagay m ka di : inosan ou koupab, se menm bagay. Bondye ap toujou detwi nou” (Jòb 9:22). Jezi pale menm bagay lè li di: Bondye fè solèy la leve ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k ap fè sa ki byen ni pou moun k ap fè sa ki mal” (Matye 5:45).

* * *

MOUN PA KRIS LA

Imajine yon pakèt moun kite toujou ap viv nan fènwa. Ou vini epi eseye dekri pou yo sa limyè a sanble. Ou ka di yo si yo vini nan limyè sa a, menm limyè a ap tonbe sou yo tout e yo tout ap reflete l. Kidonk ap vini sa nou rele vizib. Èske se pa posib yo ta imajine paske yo tout t ap resevwa menm limyè a ke yo tout ta rasanble lè limyè a te frape yo. Tandiske ou menm ak mwen, nou konnen aktyèlman limyè a pral montre yo kòman yo chak diferan?

Oubyen ankò, sipoze yon moun ki pa t konnen anyen de sèl. Ou ba li yon ponyen pou goute epi eksperimente yon bagay ki patikilyèman fò, gou dwòl. Alò, ou menm di li: moun nan peyi w itilize sèl nan tout manje yo. Èske li pa t ap reponn, “Antouka, mwen sipoze tout asyèt ou yo gen egzaktman menm gou a: akòz bagay gou sa a t ap ban mwen ase fò li kapab tiye gou anpil lòt bagay epi w ap sèlman

goute sèl la.” Men ou menm ak mwen menm konnen ke efè reyèl sèl se egzakteman kontrè. Aktyèlman, sèl la ede vyann oubyen legim oubyen lòt bagay montre gou reyèl nan chak manje. Sèl la fè chak bagay ou goutte pi diferan si ou ajoute twòp.

Egzanp limyè ak sèl sa yo se tankou sa Kris la fè sou nou menm. Plis nou menm nou kite sa nou rele kounye a “nou menm” andeyò epi nou kite Bondye dirije nou, plis nou vini reyèlman nou menm. Genyen tèlman de li menm milyon ak milyon de “ti Kris”, tout diferan, yo chak ap montre Kris menm si Kris la pi gran toujou...

Se lè nou tounen vin jwenn Kris la, lè nou livre nou a pèsonalite li, nou kòmanse vrèman genyen pèsonalite reyèl de mwen menm.

* * *

ANVI

Nou byen rann nou kont sa nou gen ki bon kounye a nan fòm richès, pouvwa, konsiderasyon, zanmi, lanmou nou genyen pou sila yo nou renmen, bon lavi sila yo nou renmen elatriye—tout sa se pa ase. Men nou kwè si yon jou nou pral gen plis de tout sa nou genyen lè sa a nou t ap satisfè. Nou kwè sa paske nou bay tèt nou manti. Si nou reflechi tout bon vre pou yon moman nou konnen se yon manti... Nou dwe sèlman imajine tout anvì nou yo satisfè; aprè yon tan nou ta vin pa kontan ankò. Nou ta vle yon lòt bagay anplis epi nou ta vin mizerab paske nou pa konnen kisa pou nou vle.

Yon bagay chak moun kapab fè se gade atansyon l fikse sou verite sa a.

* *

Sèlman si nou kenbe verite sa byen fèm nan kè nou pa gen anyen nan lemond sa a ki konplètman satisfè nou ke bay nou yon ti distans ki bon...epi bay semans lanmou Bondye plante nan nou espas pou yo grandi. Se lanmou Bondye nan nou epi se pa pwòp bonte pa nou ki sòti al jwenn lòt yo nan lanmou. Se pa pwòp bonte nou ni renmen vwazen nou oubyen ni montre nou konsène pou lòt yo san felisite pwòp tèt nou paske nou fè sa.

* * *

REKONSILYASYON

Kreye rekonsilyasyon nan sosyete ki mande pou youn akonpaye lòt nan yon vwayaj ki oryante vè lespwa, men tou ki kenbe doulè. Vizyon moral se difisil. Nan Jenèz, vini tankou Bondye se pou gen konesans byen ak mal epi rezilta imedyà a se chase nan paradi a. Pou kwape povrete, nan Etazini oubyen yon lòt kote, se konnen kèk bagay konsènan sa ki bon ak sa ki pa bon e nou pa ka pa konnen reyalyte a. Li bay chagren, konfizyon, perèz, trayizon. Li bay konfesyon, repantans, padon, nouvo lavi....

Verite e rekonsilyasyon fèt nan sid Afrik [kote yon rasis pami blan yo t ap maspinen nwa yo, pandan plizyè lane jouktan pwosesis sa a te kòmanse] te souleve chwa, pou elve rechèch pou verite sou rechèch pou pinisyon. Se yon obligasyon, yon bagay difisil, epi yon pwosesis alanvè.

Diskou konsènan povrete se ranpli ak pawòl blam — genyen anpil ki bay pòv yo blam, genyen lòt ki bay rich yo blam. Pou mwen menm, sa sanble nou bezwen leve defi blam sa yo e jwenn fason pou nou mete aksan sou gerizon ak laverite. Mete

aksan sou laverite se mete aksan sou reyalite inivèsèl san demi verite ki kapab sòti yon ajannda pwoteksyon pèsònèl.

Bay blam sou pòv yo, rich yo, oubyen klas mwayèn. Kidonk atraksyon emosyonèl pa kapab fè verite a sòti. Epi san verite a, kòman nou kapab kòmanse ak pwosesis rekonsilyasyon an? Kòman nou ka konnen sa ki konsène bagay konplèks tankou finans entènasyonal, politik, finans prive, dèt, salè yo e kontwòl tout resous epi koumanse negosye e aji ak responsabilite pèsònèl, responsabilite kominote, responsabilite koperativ, pwosè politik ak tout lòt konplèks varye ki ka afekte pèsistans povrete a ak ozalantou?

Sa pa vle di pa genyen konfesyon oswa kontabilite. Sa vle di atravè mouvman k ap vini e ki ka chanje koz kòlè yo ak doulè mande plase nan yon valè pi wo sou solisyon yo pase pinisyon yo. Yon mwayen pwofon Legliz kapab sipòte gerizon nan lemond lan se sèvi kòm modèl, gid, epi pwofesè nan metodoloji rekonsilyasyon an. Legliz yo kapab ofri yon bon espas pou yon kalite dyalòg ki vrè, epi ki kapab rann emosyon, repantans ak angajman.

* * *

RENMEN LENMI

Renmen lenmi nou vini, nan epòk modèn nan, kritè kle vrè lafwa kretyen. Li ka sanble li enposib, men li ka fèt. Pa gen lòt sityasyon kote lagras divin tonbe sou nou si vit e si klè pase nan moman yo lè nou lage rayisman nou epi kite lanmou Bondye antre. Pa gen lòt mirak ki ka pi etone nou, pi nesèsè epi ki ka rive pi souvan.

Dis (10) lane apre fen dezyèm gè mondyal la, Ildegar ak Jan Gos-Mayè te reyini ak yon gwoup kretyen Polonè nan vil Warsaw. Nan reyinyon an, yo te mande gwoup la, “Èske nou dakò chita pale ak yon gwoup kretyen ki sòti nan lwès peyi Almay ? Yo vle mande padon pou sa Almay te fè Polòy nan lagè a epi etabli yon nouvo relasyon.”

Pou yon bon ti moman yo pa t di anyen. Apre yon tan youn nan mesye yo koumanse pale byen fò. Li di: “Jan ak Ildegar, nou renmen nou e nou se zanmi nou. Men sa n ap mande a se pa posib. Tout vil Warsaw benyen ak san Polonè! Nou pa ka padone!”

Menm apre dis lane, tout blesi lagè yo te fè mal twòp.

Avan gwoup la te fini pou yo chak ale lakay yo, Gos-Mayè te sijere yo priye “Papa nou ki nan syèl la” ansanm. Tout moun dakò. Men, lè yo rive kote lapriyè a di “padone peche nou tankou nou padone...” Tout moun kanpe.

Nan silans la, mesye ki t ap pale fò a koumanse pale byen dousman, li di : “Fòk mwen reponn wi a sa nou te mande talè a. Si non, mwen pa t ap kapab priye “Papa nou ki nan syèl la” ankò, ni rele tèt mwen kretyen, si mwen refize padone. Kòm moun, mwen santi m pa kapab, men Bondye pral ba nou fòs li!”

Apre yon lane edmi reyinyon an te fèt ant Polòy ak Almay nan lavil Vyena. Yo rete zanmi jouk jounen jodi a.

* * *

JISTIS AK MECHANSTE

Otè a se yon amerikenn nwa ki gade eksperyans ameriken nwa yo ki te viv nan opresyon anba esklavaj e kòman teyoloji yo te pran fòm e etik yo atravè jodi a.

Sa se konsènan kesyon an, kòman mal vini nan lemonn ki kreye pa yon Bondye ki renmen. Plizyè deklarasyon moral konsènan mekanste esklavaj ki te konekte trè pwòch avèk yon kwayans egzant nan yon Bondye ki jis. Etik jistis pa esklav afriken yo chita kareman sou presipozisyon teyolojik, jan yo wè nan istwa Bib la, kote Bondye te aji pou libere esklav Izrayelyen yo nan tan pase nan peyi Lejip. Anplis, etik sa a te konekte tou pre avèk jan esklav yo te konprann epi kanpe sou kwayans se Bondye ki te kreye yo epi bay yo valè. Antwopoloji sa a yo te ankontradiksyon ak teyoloji esklavaj e lòd sosyal lòt moun te genyen pou jistifye kenbe lòt moun kòm pwopriyete ki pa vrèman moun. Vrèman, kwayans esklav yo te pran rasin nan apwòch kontektyèl yo a, entèpretasyon bibliik epi kòm yon pwofesè ameriken nwa te di: “ Nou pòv kreyati yo, nou bezwen gen konfyans nan Bondye. Men si Bondye ki toupuisan p ap bon pou nou kèk jou, poukisa nou fèt? Lè mwen te tande nan Bib la li delivre pèp li a de esklavaj mwen konnen li vle di pòv afriken ki se nou menm”.

Temwayaj sa a kleyonnen bonte Bondye nan listwa pase yo ak omnipotans li pou Afriken yo ki an egzil an amerik. Nan lide sa a, entèvansyon Bondye pou esklavaj yo se yon jistifikasyon nesèsè de egzistans Bondye

Yo te sèvi ak yon etik relijye kòm kritè pou fè jijman moral sou relasyon ant gwoup yo ak sou blan yo. Verite fondamantal la te afime Bondye te kreye yo pou yo ka lib e pou yo te ajan moral responsab nan yon sosyete ki jis. Premye manti a yo p at dakò se te prensip esklavaj moun ta kapab kontwole yon lòt kòm pwopriyete

pèsonèl li. Yo te gen konfyans Bondye te bay manda pou mete lajistis sou latè a pou tout moun. Yo te gade yon eksperyans esklavaj kòm yon bagay ki pa ta dwe la epi ki pa moral an menmtan. Se yon bagay ki pa dwe la pou lontan e nan jou k ap vini ap gen pou korije pa aksyon divin ak aksyon limanite anndan lòd sosyal la.

* * *

LANMOU BONDYE

Alò ou swete tande m pou ki rezon epi kòman nou ta dwe renmen Bondye. Mwen reponn kesyon poukisa nou renmen Bondye se akòz Bondye menm. Fason pou renmen li se san limit...

An n wè anpremye kòman li merite lanmou nou. Li te bay tèt li pou nou menm lè nou pa t merite, konsa li merite anpil bagay de nou. (Galat 1:4). Kisa ki pi bon bò kote li pase sa li te ban nou ki se li menm menm? E si nou ta pote bay Bondye sa ki merite nan kesyon demann kòman Bondye ta renmen nou genyen yon rezon kle pou n renmen li se sa, “se li menm kite renmen nou avan” (1 Jan 4:9-10). Vrèman, li merite pou lanmou an ta tounen, lè nou panse ki moun ki renmen epi ki moun li renmen epi konbyen lanmou an ye nan li menm. Èske li pa sa chak espri konfese (1 Jan 4:2) di, “Se ou sèl ki Mèt mwen. Se ou menm ki tout mwen. Pa gen pase ou!” (Sòm 15:2)?

Se lanmou diven an kise vrè lanmou paske se sèl lanmou sa a ki pa bezwen anyen pou li menm (1 Korentyen 13:5). Ak ki moun bonjan lanmou an sa te montre? “Lè enmi li yo te ankò la”, li di, “li rekonsilye nou ak li menm” (Women 5:10). Konsa, jenewozite san mezi sa a ke Bondye te renmen menm enmi li yo.

Men konbyen li te renmen? Sen Jan di, “Bondye tèlman renmen lemonn li bay sèl Pitit li a ” (Jan 3:16). Sen Pòl di, “Li pa t kache pwòch pitit li a, men li te bay li pou nou” (Women 8:32). Pitit la tou, te di li menm, “Pa gen moun ki genyen pi gwo lanmou ke moun ki bay lavi li pou zanmi li yo” (Jan 15:13)...

E moun ki wè bagay sa yo, mwen panse l ap klè poukisa Bondye merite ke nou renmen l. Men, si moun vle kache reyalite sa yo, Bondye kapab toujou fè jayi engratid pa yo pa jan li montre moun sa yo benefis epi montre se kado pafè yo ye. Èske se pa yon gwo kado ki merite yon repons de renmen lè li ban nou manje pou nou manje, limyè pou nou wè ak lè pou nou respire?

* * *

BONDYE KÒM MANMAN AK PAPA

Mwen te kontanple travay la de Sen Trinite a, nan ki kotanplasyon mwen te wè e konprann 3 pati sa yo: pwopriyete papa, pwopriyete manman an, ak pwopriyete nan yon sèl Dye kòm Seyè. Nan Papa Toupuisan nou genyen pwoteksyon nou e tout bonè nou...E nan dezyèm pèsòn nan, nan konesans e nan sajès nou gen pèfeksyon nou... Li se manman nou, frè nou, Seyè nou; epi li se bon Seyè Sentespri ke nou genyen kòm kado pou abite nan nou ak tout gras li pou travay nan nou menm.

Dezyèm pèsòn trinite ki se Jezi, li menm se manman lanati... nan li nou te jwenn rasin e li se manman nou, nou pran sans nou nan li. E konsa, manman nou ap travay sou nou nan plizyè chemen... E nou grandi nan li epi nan mizèrikòd li li repare nou epi li fòme nou nan gras li, soufrans li, lanmò li, ak rezireksyon l, li ini nou nan li menm...

Pandan ke Bondye reyèl nou an se papa nou, konsa se vrèman Bondye reyèl la ki manman nou...

Sèvis manman an pi pre, pi plis, e pi sèten: pi pre paske li pi natirèl, li plis paske li se pi gwo lanmou, e pi sèten paske li vrè. Pa gen moun ki ka bay sèvis konsa, sèlman Kris la.

Manman an kapab bay pitit li souse nan lèt li, men bon manman nou Jezi kapab ban nou lamanjay nan li menm, avek anpil afeksyon lè nou pran kominyon, kise bonjan lamanjay de vrè lavi a...

Pwopriyete manman an genyen lanati, lanmou, sajès, konesans, e sa se Bondye.

~

Pou plis refleksyon sou lide sa a, fè yon ti gade nan pasaj nan Bib la:

Jezi ap pale ak pèp yo lè li te antre nan Jerizalèm, “O Jerizalèm, Jerizalèm, Ou menm ki tiye pwofèt yo epi wòch sa yo tonbe sou ou, souvan, nan konbyen tan mwen kapab rasanble timoun sa yo ansanm kòm yon manman pou l k ap rasanble pitit li anba zèl li, men ou pa t vle.”

Pòl te ekri ak pèp Tesalonisyen an (1 Tess 2: 6-7): “Kòm Apot Kris yo nou ta kapab jwenn yon chaj kont ou, men nou te tou dous bò kote w, kòm yon manman k ap pote ti pitit li.

* * *

DOUT, LAFWA AK LANMOU

Se yon echanj ant yon nonm ak yon fanm nan mitan yon nouvèl.

“Mwen soufri de yon mank lafwa,” fanm lan di.

“Manke lafwa nan Bondye?” Nonm lan te mande.

“O, non, non! Mwen pa t menm pèmèt mwen panse ak sa, men lavi k ap vini an. Se yon bagay nou pa ka konprann! Epi pèsonn pa kapab rezoud li... Panse sou lavi apre lanmò fè kè m pa kontan, panike mwen epi fè m pè ... Sa fè m sezi! Kòman— kòman mwen kapab rejwenn lafwa? Men mwen sèlman te kwè lè m te yon timoun, tankou yon machin, san panse ak anyen. Kòman yon moun ka pwouve l? Kounye a, mwen te jis poze lespri mwen devan w e mande w li. Si mwen kite chans sa glise pa gen moun nan tout lavi m ki ka reponn mwen. Kòman mwen ka pwouve l? Kòman mwen kapab konvenk tèt mwen? O, kòman malere mwen ye! Kenbe tèt mwen wo e wè pa gen prèske lòt moun k ap enkyete de kesyon sa yo; pa gen lòt moun ki ka bay tèt yo pwoblèm de sa a ...

Nèg la di : “ Pa genyen fason pou pwouve l, malgre yon eksperyans de lanmou ki byen chita kapab fè yo dakò. Eseye renmen vwazinay ou yon fason aktiv se kanpe. Plis lanmou w ap devlope, w ap grandi w pi sèten nan reyalite Bondye epi nan reyalite lavi ki pral kontinye pou tout tan tout tan. Si ou vrèman antre nèt nan lanmou pou vwazinay ou, alò, w ap kapab kwè san dout. Ou te mèt eseye sa paske se sèten ...”

Fanm lan di: “Nan lanmou aktif ? Enben, mwen gen yon lòt kesyon. Ou wè, tèlman mwen renmen limanite souvan mwen reve pou m kite tout sa mwen genyen, kite

pitit fi m ki malad, se vini yon sè nan legliz la. Mwen fèmen je m mwen panse epi mwen reve moman sa a, mwen santi mwen plen fòs pou kouvri tout defi sa yo. P ap gen doulè lòt moun sa yo ki ta kapab fè m pè nan moman sa a. M ap koube yo e netwaye yo avèk men mwen. M ap pran swen moun ki nan lapenn yo. E m ap pare pou pran swen yo epi karese blese yo. Men, kòman mwen te ka viv yon lavi ki trè long konsa? Sa a se yon kesyon ki pi anbarasan pou mwen. Mwen fèmen je mwen pou m mande tèt mwen, Èske mwen ta ka long nan jistis sa a? Epi si moun yo m ap netwaye blese yo epi lave yo, pa t rankontre m avèk remèsiman, men te enkyete de avantaj li yo, san wè oubyen remake bon jan sèvis men kòmanse abize m e plede di otorite ki sou mwen yo pa kontan? Souvan se konsa li ye lè moun sa yo nan yon gwo soufrans. Èske mwen ta pèsevere nan lanmou oswa non? Epi èske w konnen, mwen te vini avèk fòs ak konklizyon sa a, si yon bagay ta ka disparèt lanmou aktif mwen an se yon engratid bò kote moun m ap sèvi. Nan yon kout repons, mwen se yon moun ki pa bay lanmou mwen an gratis men m ap tann yon bagay. Sa m ap tann se rekonpans mwen lè moun ban mwen louwanj ak repeye lanmou mwen ak lanmou. Kidonk, mwen enkapab de yon lanmou ki vrè epi gratis pou yon lòt moun.”

* * *

DESEPSYON

Yon fèmme ki fè melon te wè melon yo disparèt yon jan rapid. Vòlè yo te kontinye ap vòlè melon li yo lè li pa la. Fèmme a te wè li bezwen mete yon fen nan vòl la e ekonomize rekòt li yo, alò, li te fè yon siy e li plase l nan jaden melon an.

Siy lan se te yon kwa kite gen yon zo tèt sou li e moun kapab li l : “ Youn nan melon sa yo pwazonnen”. Natirèlman, fèmme a te konnen se pa t vre.

Pandan 3 jou pa gen melon kite vòlè. Men, nan katryèm jou a, fèmeye a te gade siy li an , li te wè “yon” mo kite grate. Kounye a, siy lan te di, “2 melon nan melon sa yo te pwazonnen.”

+

Ou ta kapab konsidere lide sa a nan yon pati nan Efezyen 4: 22-25

“Se sa ki fè, se pou nou chanje vye karaktè sa a ki t ap fè nou viv jan nou t ap viv nan tan lontan an, vye moun sa a ki te fin pèvèti nèt ak vye dezi l yo ki t ap twonpe nou. Se pou nou chanje nèt ni nan kè nou ni nan lespri nou. Se pou nou vin yon lòt kalite moun jan Bondye vle l la, pou nou sanble ak li pou nou ka mennen yon lavi ki dwat, yon lavi ki apa pou Bondye, jan verite a mande l la.”

* * *

CHACHE LAPÈ AK BONDYE

Mwen gen konesans, O Seyè, avèk remèsiman, ke ou te kreye imaj ou a nan mwen menm pou mwen kapab sanble epi panse ak ou, mwen ka renmen w. Men imaj ou a ki anndan mwen li tèlman efase fot mwen yo epi pote yo lwen mwen, sa mwen wè pa lonbray peche mwen, imaj ou pa kapab fè sa li dwe fè, sèl si ou renouvle l epi refòme l anndan mwen toutan. Mwen p ap eseye, O Seyè, pou penetre grandè ou a paske mwen pa ka mete konpreyansyon m sou sa yo, men mwen vle nan yon fason konprann verite w, paske kè m kwè nan verite ou epi renmen verite ou.

Pousa mwen p ap chache konprann pou m kwè, men, mwen kwè pou m konprann. Mwen kwè “si m pa kwè mwen p ap konprann ”(Ezayi 7:9).

Konsa, Seyè depi ou fè m konprann kisa lafwa ye, ban mwen konpreyansyon, ban mwen pou m konprann si se bon pou mwen — kòm ou vrèman egziste jan nou kwè epi sa ke nou kwè ou ye a.

* * *

KREYASYON

Lè Sen Francis (nan lane 1260) t ap mache avèk yon frè andeyò yon vil, li te vin gen yon pakèt zwazo ki t ap chante nan pye bwa yo. Lè li wè zwazo yo li di zanmi l : “ Zwazo yo ki se sè nou yo ap chante pou kreyatè nou an; konsa nou te ka ale pami yo epi bay Seyè a louwanj epi fè yon sèvis louwanj.” Lè yo te antre bò kote yo zwazo yo pa t deplase nan plas yo epi nan bwi zwazo yo t ap fè, yo pa t kapab tandè sa youn lòt ap di pandan yo t ap louwe Bondye.” Sen Francis te tounen bò kote zwazo yo epi te di sè zwazo yo : “Sispann chante jiskaske nou fè devwa pa nou ak Bondye!” Zwazo yo te fè silans epi yo rete an silans pandan frè yo t ap fini sèvis louwanj la. Alò, lòm sen Bondye a te bay pèmision pou yo chante ankò epi imedyatman zwazo yo te rekoumanse chante.

Yon lòt listwa konsa. Yon ti bèt chita sou yon pye fig ki deyò chanm Francis epi bèt la te chante epi fè ti bri. Jan ti bèt la te chante te ankouraje sèvant Seyè a pou l chante pi souvan epi priye Bondye pi plis. Francis te aprann pou l apresye tout ti bèt Bondye te kreye. Yon jou li te rele ti bèt la pou l vin chita sou men li a. Li te di bèt la : “Chante, sè mwen! Chante ti bèt! Priye Seyè kreyatè nou an avèk chante ki gen lajwa!”

Bèt la te obeyi san relach epi koumanse chante ; ni li pa t rete pou 8 jou jan li te mande l pou l chante pou Bondye. Li vini chak jou chante epi retounen nan tout lè li mande yo. Finalman, lòm Bondye a te di, konpayon w lan, “An nou kite ti bèt nou an ale paske li te pataje ak nou ase avèk chante li yo.” Avèk pèmision Francis bèt la te pati epi janm parèt la ankò paske bèt la sanble pa t vle dezobeyi yon moun ki sen.

* * *

LAPRIYÈ 2

Otè a di lapriyè se yon eleman santral pou yon lidè espartyèl.

Apòt Pòl ki te petèt pi konn lapriyè te konfese, “Nou pa konnen sa pou n mande lè n ap lapriye.” Alò, li te prese ajoute “Lespri Sen l antre nan nou avèk jemisman, mo yo pa t kapab eksplike l. E li menm ki chache kè nou, konnen lide Lespri a, paske Lespri a te entèsede pa sen yo, avèk volonte Bondye.” (Women 8:26-27). Lespri a jwenn nou nan lapriyè epi vèsè siplikasyon li yo nan pwòp nou menm.

Tout kretyen bezwen plis ansèyman nan lapriyè epi se Sentespri kise pi gwo pwofesè. Apa de wòl sa a ki ekri nan Bib la, Sentespri a ban nou anpil lòt èd. Tout vrè lapriyè vini de èd Sentespri a nan nou. Pòl ak Jude anseye lapriyè ki efikas kise “lapriyè nan Lespri a.” Fraz sa a vle di nou priye nan menm liy lan, konsènan menm bagay yo, nan menm non Sentespri. Vrè lapriyè elve lespri kretyen an nan Lespri Bondye k ap viv nan nou.

Priye nan Lespri enpòtan pou 2 rezon. Premyèman, nou dwe priye nan wayòm Lespri a paske Lespri a se yon gid epi se li ki fè kretyen an viv. Nan sa nou souvan pa reyisi, anpil priyè se bagay lachè ki pa espartyèl, pwodui pwòp panse pa nou pa soti nan ansèyman Lespri a, men lapriyè reyèl la pi pwofon. Li itilize kò a, li bezwen konkou Lespri a, epi li bouje nan wayòm sinatirèl Lespri a. Y ap pale sou kalite lapriyè sa a nan syèl la.

Dezyèman, nou dwe priye nan pouvwa epi nan enèji Lespri a. “Bay ou totalman ak lapriyè, ak siplikasyon; priye chak okazyon nan pouvwa Sentespri a” (Efezyen 6:18). Pou travay san parèy li a, lapriyè mande plis ke pouvwa yon moun. Nou gen pouvwa Sentespri a ak lapriyè Lespri a. Tout enèji ki sòti nan kè ak nan sèvo yon moun kapab reyalize gwo bagay natirèl, men lapriyè nan Sentespri a bay anpil resous sinatirèl .

Lespri a pran plezi nan ede nou lapriyè. Nan chak prensipal antrav nou yo, nou kapab konte sou èd Sentespri a.

1. Kèkfwa nou konn pa lapriyè akòz peche ki nan kè nou yo. Kòm nou grandi nan lafwa ak soumisyon, Sentespri a dirije nou ak san Kris la, ki netwaye tout tach nou yo.

2. Kèk fwa mank konpreyansyon nou bloke lapriyè nou yo, men Lespri a konnen Bondye epi pataje konesans ak nou lè nou tann epi tandè. Lespri a fè sa yon jan pou ban nou yon konviksyon klè ke yon lapriyè espesyal mande yon pati nan volonte Bondye pou nou.

3. Kèk fwa nou rete twòp atè a akòz enfimite kò a. Nou malad, nou santi nou malad, nou fèb. Lespri a ede kò nou, epi pèmèt nou leve anba feblès...

Alò, kòm si twa kondisyon sa yo pa t ase, lidè espiyèl dwe opoze a satan nan lapriyè. Satan ap eseye fè l fèb, pou kreye dout ak dekourajman, pou gade lidè a lwen kominyon ak Bondye. Nan Sentespri a, nou genyen yon konpay nan syèl la kont enemi sinatirèl sa a.

* * *

GERIZON

Se yon lapriyè ki baze sou Jeremi 8:18-9:3.

Bondye, nou vini nan prezans ou twouble pa yon ansyen kesyon: Kesyon an poze pa prezans ou, pou nou pa mande l lòt fason. Li se yon ansyen kesyon, kite toujou ap mande pa manman nou ak papa nou depi tout tan. Nou te twouble paske nou pa konnen...epi nou dwe konnen. Alò, kounye a ankò, kòm tout sila yo ki devanse n, n ap mande ankò:

Èske gen yon kalman...nan peyi Galarad ou nenpòt lòt kote?

Èske genyen medikaman pou sa k ap fè nou souffri?

Èske genyen sa ki bay swen avè w , alò ki pa pyès lòt kote?

Èske genyen yon medikaman ki pou reponn ak enfeksyon nou yo?

Èske genyen yon fòt dòz pou sentom nou yo?

Nou mande, ak ezitasyon pou repons ou, men nou pa konnen. Nou mande, epi nou kouri pran ti remèd doktè chalatan yo, resèt sekre yo, tout jefò sa yo se pou n eseye geri nou menm menm, men alò nou tounen vin jwenn ou. Nou toujou bezwen repons ou.

Nou sispèk yon “Wi” de ou. Nou konsidere chemen ou te geri ansyen esklav yo, chemen ou te voye Jezi pami andikape yo, chemen lespri w bay gerizon pa pakèt. Nou swaf yon “wi” de ou epi n ap tann. Nou tann nan mitan pwoblèm ki fè nou pè yo epi ki ban nou kè kase.... Nou tann ...nou rann nou kont de sentom rayisman nou yo, tray nou yo ak safte nou yo. Nou tann ... nou konnen trè byen nou konplis

nan vyolans k ap fèt yo. Nou tann nan fatig nou yo, nan dout nou yo, ak lè nou santi nou sèl.

Nou priye: Bondye, di yon mo epi n ap geri, sistèm politik nou ap refonksyone ankò, n ap jwenn fòs nan Jezi. Di yon mo...paske n ap tann yon “wi” nan men ou pou gerizon nou. E pandan n ap tann, n ap di “wi” a ou menm avèk tout kwayans nou ak obeyisans nou. Amèn.

Men pasaj Jeremi 8:18 – 9:3

Anyen pa ka soulaje lapenn mwen! Kè m ap fann! Koute jan pèp mwen an ap rele mande sekou toupatou nan peyi a. Gen lè Senyè a pa sou mòn Siyon an ankò? Gen lè wa Siyon an pa sou mòn Siyon an ankò?

Senyè a reponn: - Poukisa nou fè m fache konsa? N ap sèvi zidòl, n ap fè sèvis pou bondye lòt nasyon yo ki pa vo anyen.

Pèp la ap rele: - Sezon chalè a fini. Sezon rekòt la pase. Nou pa sove jouk kounyeya!

Kè m ap fann lè m wè jan y ap kraze pèp mwen an. M pa wè sa pou m fè ankò! M dekouraje nèt. Pa gen remmèd pou yo nan peyi Galarad? Pa gen dòktè ankò laba a? Poukisa atò pèp mwen an pa ka jwenn lasante?

Jan mwen ta renmen wè tèt mwen tounen yon sous dlo, de je m yo tounen de fontenn k ap bay dlo, pou m kriye lajounen kou lannwit, pou moun yo touye nan pèp mwen an! Jan mwen ta renmen jwenn yon ti kote pou m rete nan mitan dezè a,

pou m manyè kite pèp mwen an, pou m al byen lwen yo. Yo yonn pa kenbe pawòl yo ak Bondye. Se yon bann trèt yo ye.

Yo toujou pare pou bay manti. Se metye yo sa. Se sa ki penmèt yo rive vin chèf nan peyi a. Y ap fè tranzaksyon sou tranzaksyon. Yo pa konnen m ankò. Se Senyè a menm ki di sa.

* * *

NB. Men yon lòt metòd pou Anseyman Sou Sòm Yo

Sa se yon egzanp de kòman pou anseye Labib nan yon fason kreyativ pou ede moun konprann li byen. Ou ka itilize lide sa a oubyen panse sou lòt mwayen a yon Legliz ou yon gwoup pou kapab etidye Labib, pou chak moun etidye, tandè, konprann epi viv nan pawòl Bondye a pi byen.

Sòm yo pa t senpman pale de siyifikasyon yo, men, li parèt kòm yon penti. Pou entèprete sòm, moun k ap entèprete dwe gen yon kapasite pou l dekouvi imaj k ap parèt nan pasaj la. Tankou : Lajistis se kòm yon bwa ki plante bò yon dlo. (Sòm 1); Seyè se Bèje m (Sòm 23); priyè a tankou yon timoun kite genyen manman l, (Sòm 131). Leson sa a, nan yon sans se yon egzèsis kòman pou travay avèk yon sòm imajinè, pou mande moun desine sa yo tandè nan sòm.

1. Asire chak moun nan gwoup la genyen yon plim oubyen yon kreyon ak yon mòso papye. Fè kwè chak moun nan gwoup la alèz e pa gen moun ki mal alèz paske yo pa ka eseye desine.

2. Alò, bay yon kout enstriksyon ak tout moun ke p ap genyen okenn bagay apa de sa yo ta dwe desine, men senpman di pa egzanp pou yo desine yon imaj sòm 8 nan anpil detay ke posib.” Lè moun mande pou enstriksyon espesifik pa bay nenpòt bagay. Ou kapab di kèk bagay ki sanble, “bay omwens 5 eleman nan sòm de sa w desine.”

3. Alò, li pasaj la. Premye fwa, itilize sòm 8.

4. Mande moun yo swa desine yon imaj toutswit nan gwoup la, oubyen ou kapab ale lakay ou pou fè desen an e pote li nan gwoup la pwochèn fwa nou rankontre.

5. Li sòm 8 ankò pou moun kapab tande pasaj la kèk fwa pandan y ap desine imaj yo.

6. Alò, moun pataje sa yo desine youn ak lòt, si se yon ti gwoup. Si gwoup la gen plis ke 10 moun, alò, divize l an gwoup de 5 a 6. Chak moun eksplike kòman yo desine pa yo se yon entèpretasyon de sòm la. Nan pwen egzèsis sa a, se pa moun sa a ki sipoze bon atis oubyen ki genyen yon pi bèl figi, se pou wè yon entèpretasyon vizyèl nan sòm lan.

7. Animatè a mande kesyon ki sanble: Ki pati moun yo te chwazi kòm sa ki pi enpòtan nan desen sa yo. Èske desen an prezante yon istwa oubyen èske li te separe imaj apa? Kòman imaj la kapab ede lòt moun konprann sòm lan pi byen?

8. Ou kapab fè sa avèk diferan sòm e ou kapab fè l tou avèk kèk parabòl Jezi yo, epi ak lòt listwa nan Bib la.

Men sòm 8 pou itilize lè ou fenk ap eseye metòd la

Sòm 8

O Seyè, Seyè mèt nou, se toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa! Pouvwa ou monte pi wo pase syèl la!

Ou fè timoun piti ak ti bebe nan tete chante jan ou gen fòs , pou ou koresponn ak moun ki pa vle wè ou yo, pou ou fèmen bouch lenmi ou yo ak moun k ap kenbe tèt avè ou yo.

Lè m ap gade syèl ke ou fè ak men ou lan, lalin ak zetwal ou mete ladan li, m ap mande : - kisa lòm ye pou sonje yo konsa?, kisa yo ye menm, pou ou pran ka yo konsa?

Ou fè yon ti kras pi piti pase ou, Bondye. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo pouvwa ak respè. Ou mete yo pou yo domine sou tout sa ou fè, ou mete tout bagay anba pye yo: bèf kou kabrit, ansanm ak tout bèt nan bwa yo, zwazo nan syèl, pwason nan dlo, ansanm ak tout lòt bèt k ap viv nan lanmè. Seyè mèt nou, se toupatou sou latè yo rekonèt jan ou gen pouvwa!

FINI

OTÈ YO

Kominote Kretyen : C.S. Lewis te yon pwofesè nan Oxford University nan Angletè. Li te viv 1898-1963. Pasaj la soti nan liv ki rele *”Les Fondements du Christianisme”*.

Lidèchip : Oswald Chambers te soti peyi Nouvo Zeland epi li te yon misyonè nan Lachin ki te viv 1902-1992. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Le Leader Spirituel*.

Enkanasyon 1 : Soren Kierkegaard te yon filozòf ki sot Danmark epi ki te viv 1813-1855. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Exercice en Christianisme*.

Enkanasyon 2 : C.S. Lewis te yon pwofesè nan Oxford University nan Angletè. Li te viv 1898-1963. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Les Fondements du Christianisme*.

Lapriyè 1 : Walter Brueggemann se yon profesè Ameriken nan Ansyen Testamen. Li te fèt 1933 epi li toujou vivan. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Awed to Heaven, Rooted to Earth*.

Tantasyon 1 : C.S. Lewis te yon pwofesè nan Oxford University nan Angletè. Li te viv 1898-1963. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Les Fondements du Christianisme*.

Tantasyon 2 : Fyodor Dostoevsky se yon ekriven ki sot Larus epi ki te viv 1821-1881. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Frè Karamazov Yo*.

Lajistis : Leonardo Boff se yon profesè nan Brazil ki te fèt 1938 epi li toujou vivan. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Chemen Lakwa, Chemen Jistis*.

Lalwa ak Lagras : Garrison Keillor se yon ekrivan Ameriken ki fet 1942 epi ki toujou vivan. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Lak Wobegon*.

Lagras : C.S. Lewis te yon pwofesè nan Oxford University nan Angletè. Li te viv 1898-1963. Pasaj sa soti nan yon liv ki rele *Les Fondements du Christianisme*.

Revelasyon Bondye nan Lanati : Jean Calvin se yon teyolojyen Fransè ki te viv 1509-1564. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *L’Institution de la Religion Chretienne* (Liv 1, Chapit 5).

Soufrans : Diogenes Allen se yon Ameriken ki se yon profesè teyoloji. Li te fèt 1932 epi li toujou vivan. Pasaj sa soti nan yon liv ki rele *Three Outsiders* epi l ap pale sou filozof Simone Weil.

Moun pa Kris la : C.S. Lewis te yon pwofesè nan Oxford University nan Angletè. Li te viv 1898-1963. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Les Fondements du Christianisme*.

Anvi : Simone Weil se te yon fransèz ki se yon teyolojyen, ki te konn travay nan faktori, epi li te yon òganizatè travay. Li te viv 1909-1943. Dezyèm pati pasaj la se Pwofesè Diogenes Allen k ap esplike lide Simone Weil yo nan liv *Three Outsiders*.

Rekonsilyasyon : Annie Rawlings se direktè yon sant ki travay sou pwoblèm relijyon ak povrete Ozetazini. Li toujou vivan. Pasaj la soti nan yon atik ki rele “Poverty, Truth, and Reconciliation” nan journal *Church & Society* (May/June 2002).

Renmen Lènmi : Walter Wink se yon teyolojyen Ameriken ki te fèt 1935 epi ki toujou vivan. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Lite avèk Pouvwa yo*.

Jistis ak Mechanste : Cheryl J. Sanders se yon pwofesè Amerikèn nwa ki vivan. Nan liv sa a, li gade eksperyans afwo ameriken yo ki te viv nan opresyon anba esklavaj e kòman teyoloji yo te pran fòm e etik yo atravè jodi a. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Empowerment Ethics for a Liberated People*.

Lanmou Bondye : Bernard de Clairvaux te yon mwàn Franse ki te viv 1090-1153. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *L'Amour de Dieu*.

Bondye kòm Manman ak Papa : Julian de Norwich te yon relijyèz Anglèz ki te viv 1342-1416. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Showings*.

Dout, Lafwa, ak Lanmou : Fyodor Dostoevsky se yon ekriven ki sot Larus epi ki te viv 1821-1881. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Frè Karamazov Yo*.

Desepsyon : Pwovèb la pa gen otè.

Chache Lapè ak Bondye : Anselm te yon teyoljyen Italyen ki te viv 1033-1109. Pasaj soti nan yon liv ki rele *Proslogion*.

Kreyasyon : Bonaventure te yon mwàn Italyen ki te ekri biyografi sa a sou Sen Francis anviwon lane 1260. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Vie de Saint Francios D'Assise*.

Lapriyè 2 : Oswald Chambers te soti peyi Nouvo Zeland epi li te yon misyonè nan Lachin ki te viv 1902-1992. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Le Leader Spirituel*.

Gerizon : Walter Brueggemann te ekri lapriyè sa a ki baze sou Jeremi 8:18 – 9:3. Li se yon profesè Ameriken nan Ansyen Testamen. Li te fèt 1933 epi li toujou vivan. Pasaj la soti nan yon liv ki rele *Awed to Heaven, Rooted to Earth*

Ansèyman sou Sòm yo : Metòd sa a soti nan yon chapit ki rele “Imagery and the Psalms” epi se yon pwofesè Ameriken vivan ki rele Rolf Jacobsen ki te ekri li. Chapit la nan yon liv ki rele *Teaching the Bible* epi se pwofesè Ameriken yo ki rele Mark Roncace ak Patrick Gray ki te fè liv la.



Si ou genyen kesyon oubyen pou òganize yon fòmasyon nan metòd Refleksyon Bib la oubyen si ou ta vle jwenn plis bwochi, ou mèt kontakte moun sa yo:

Leyogàn

Abelard Xavier, Rasin Lespwa, 3656-0644 oubyen xabelard@yahoo.fr

Pòtoprens

Ulrick Denis, GALO, 3456-2537 oubyen ulrickafr@yahoo.fr

Emmanuel Blaise, 3771-6950 oubyen jeblaise@hotmail.com

Edvard Guilloteau, 3445 – 1744 oubyen gedvard@yahoo.fr

Okay

Fratzie Cyril, Programme d'Alphabétisation pour la Promotion de l'Enfance (PAPE), 3675 - 6027 oubyen frantziecy2@yahoo.fr

Lagonav

Abner Sauveur, Lekòl Kominotè Matènwa, 2550-0773 oubyen abnerjeansauveur@yahoo.fr

Enel Angervil, Lekòl Kominotè Matènwa, 2513-0217 ak 3939-3662 oubyen eneldieu@yahoo.fr

Jakmèl

Jude Appolon, Limyè Lavi, 552-0676 oubyen 288-9789 oubyen judeappolon@yahoo.fr

Samson Joseph, Limyè Lavi, 3481-1209 oubyen samson618@gmail.com

Joseph Jean Claude Belizaire, 3756-7986 oubyen joclab20002000@yahoo.fr

Okap

Norestin Nellie, 34068343, oubyen nellienorestin@yahoo.fr

Paulaine Presandieu, 34456257, oubyen ppaulaine@hotmail.com

Gonayiv

Dorlys Uzède, 3471 – 4649, oubyen uzdorlys@yahoo.fr

Lyankou

Dorsainvil Ysmaille, 3708 – 2304 / 3400 – 8392, oubyen ysmaille1@yahoo.fr

Jeremi

Pierre Marcelin, 3832 – 1743, oubyen

Ozetazini

Kent Annan, Beyond Borders, kent@beyondborders.net

Pou enskri nan rezo nou an, voye yon imel pou Kent Annan nan kent@beyondbordersflorida.org. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt wiki a, adrès la se www.BeyondBordersFlorida.org.

08/2008